

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nya éta proses atawa prosedur anu sistematis dumasar kana prinsip jeung tehnik ilmiah nu dipake pikeun ngahontal hiji udagan anu tangtu (Noor, 2015, kc. 22). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif.

Nurutkeun Sudjana (2012, kc. 52), métode déskriptif nya éta métode anu digunakeun saupama panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun kajadian nu aya kiwari.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik maké métode déskriptif analitik. Nu dimaksud métode déskriptif analitik téh nya éta métode anu dipaké pikeun ngumpulkeun data, ngadéskripsikeun data, ngaanalisis jeung nafsirkeun data.


3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Sukmadinata (2013 kc. 287), desain panalungtikan nya éta rarancang dilaksanakeunna hiji panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah nu baris dilaksanakeun, nya éta ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan, nyieun kacindekan sarta nyusun laporan.

Gambaran léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun ku panalungtik, nya éta ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (1993, kc. 102), sumber data dina panalungtikan nya éta subjék ti mana asalna data. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta naskah Wawacan Samaun nu aya di Kampung Samarang Desa Linggamanik Kecamatan Cikelet Kabupaten Garut. Sumberna ieu naskah téh nya éta ti Uwa Ahidin, perenahna aya di Kampung Samarang Desa Linggamanik Kecamatan Cikelet Kabupaten Garut. Ieu naskah ditulis dina basa Sunda kalawan maké

Yedi Sudrajat, 2016

Ajén Kaagamaan Dina "Wawacan Samaun" (Ulukan Filologi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aksara Arab Pegon. Kertas nu dipakéna nya éta kertas pabrik (Indonésia), kandel naskahna aya 63 kaca.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah nu ditalungtik. Ku ayana instrumén panalungtikan, prosés ngumpulkeun data leuwih babari. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Handphone*, digunakeun pikeun ngarékam nalika wawancara, komunikasi jeung informan, jeung ngahubungi informan nalika aya data anu masih kurang.
- 2) Kaméra, digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun data di lapangan boh dina wangun foto atawa video.
- 3) Pedoman wawancara, digunakeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan sumber data sacara lisan. Pedoman wawancara kacida pentingna, sangkan dina wawancara bisa meunangkeun data saluyu jeung nu dibutuhkeun. Ku kituna, panalungtik nyieun pedoman wawancara saperti ieu di handap.

- | | |
|------------------------|---|
| 1. Judul Naskah | |
| a. Dina Naskah | : |
| b. Ceuk nu Boga Naskah | : |
| 2. Nu Ngarang Naskah | |
| a. Ngaran | : |
| b. Umur | : |
| c. Pakasaban | : |
| d. Padumukan | : |
| 3. Nu Nyalin Naskah | |
| a. Ngaran | : |
| b. Umur | : |
| c. Pakasaban | : |
| d. Padumukan | : |
| 4. Nu Boga Naskah | |
| a. Ngaran | : |
| b. Umur | : |
| c. Pakasaban | : |
| d. Padumukan | : |
| 5. Asal-Usul Naskah | : |
| 6. Fungsi Naskah | : |
| a. Baheula | : |
| b. Ayeuna | : |

7. Ukuran Naskah	:
8. Téks	:
9. Kaayaan Naskah	:
10. Penulisan	:
11. Jumlah Kaca	:
12. Jumlah Baris dina Unggal Kaca	:
13. Basa	:
14. Aksara	:
15. Ukuran Aksara	:
16. Alat Tulis	:
a. Jenis Alat Tulis	:
b. Tapak Alat Tulis	:
c. Warna mangsi	:
17. Kertas	:
a. Jenis Kertas	:
b. Cap Kertas (watermark)	:
18. Paginasi (Penomoranan Halaman)	:
19. Wangun Karangan	:

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nya éta:

a. Observasi (studi lapangan).

Nurutkeun Noor (2015, kc. 140), observasi merlukeun ayana pengamatan ti panalungtik boh sacara langsung boh teu langsung kana objék panalungtikan.

Téhnik observasi dipaké pikeun néangan naskah sacara langsung ka masarakat, lembaga, atawa individu anu boga naskah.

b. Wawancara.

Nurutkeun Noor (2015, kc. 138), wawancara mangrupa salasahiji tehnik ngumpulkeun data nu dilakukeun sacara langsung jeung nu diwawancara (*informan*), bisa ogé dibéré heula daptar patalékan nu bakal ditanyakeun dina prosés wawancara.

Téhnik wawancara nya éta proses tanya jawab dina wangun patalékan pikeun ngalengkepan informasi ngeunaan sumber data panalungtikan.

c. Dokuméntasi.

Nurutkeun Arikunto (1993, kc. 202), metode dokumentasi nya éta néangan data ngeunaan hal-hal atawa variabel nu mangrupa catatan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulen rapat, legger, agénda, jrrd.

Téhnik dokuméntasi dipaké pikeun ngadokuméntasikeun naskah anu geus kapanggih sangkan babari dina prosés maca jeung transliterasina.

d. Studi Pustaka.

Studi pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun jeung ngeuyeuban data anu patali jeung pasualan anu keur ditalungtik.

3.4 Analisis Data

Sabada data panalungtikan geus kakumpulkeun, léngkah anu satuluyna nya éta nganalisis data. Léngkah-léngkah nu digunakeun ku panalungtik dina ngolah ieu data nya éta:

- 1) Nganalisis data nu geus kapanggih;
- 2) Ngadéskripsikeun naskah Wawacan Samaun;
- 3) Nyusun transliterasi naskah Wawacan Samaun;
- 4) Nyieun édisi téks naskah Wawacan Samaun
- 5) Nganalisis ajén kaagamaan dina naskah Wawacan Samaun;
- 6) Nyieun kacindekkan.